



Pou Piblikasyon Imedya: 26/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK MAJISTRA ADAMS ANONSE FINISMAN YON
DEVLOPMAN LOJMAN NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 84 MILYON DOLA NAN
BRONX**

*Apatman pou Granmoun Trinity-Reverend William James yo nan Morrisania
genyen 153 apatman nan pri ki abòdab, ki enkli 57 kay ki gen sèvis sipò pou
granmoun ki te nan prizon yo*

Konplete plan lojman konplè sou senkan, ki koute 25 milya dola Gouvènè a

Foto yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul ak Majistra Eric Adams te anonse jodi a, achèvmman yon pwojè devlopman lojman nan pri abòdab ki koute 84 milyon dola pou granmoun yo nan Bronx. Apatman pou Granmoun Trinity-Reverend William James yo genyen ladan yo 153 apatman, ak 57 apatman ki rezève pou granmoun k ap gen aksè nan sèvis sipò sou plas atravè Fortune Society.

"Pandan n ap rekipere apre pandemi an, li enpòtan anpil pou nou pran mezi ki odasye pou fè New York yon kote ki pi abòdab pou tout moun, e se pou sa administrasyon mwen an te lanse yon plan konplè pou lojman nan pri abòdab ki koute 25 milya dola pou ede asire ke chak Nouyòkè gen aksè ak yon lojman ki an sekirite, nan pri abòdab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an ap kontinye bay pwojè ki pote transfòmasyon tankou sa yo priyorite ki retilize espas ki pa itilize pou atake kriz lojman an nan fason agresif. Chak Nouyòkè merite yon kote pou viv ak resous yo bezwen pou pwospere - pa mwens pase tout granmoun nou yo ki te nan prizon yo."

"N ap rekonstui Vil New York pi ekitab epi pi jis, epi ak nouvo kay nan Bronx pou granmoun ki te nan prizon yo, pwojè sa reprezante yon etap nan egzakteman bon direksyon an," **Majistra Adams te deklare.** "Kay sa yo ap bay yon kote ki an sekirite, ki pwòp pou kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo, epi m ap kontinye bay objektif ak kominote sa yo priyorite toutotan mwen se majistra a."

Apatman pou Granmoun Trinity-Reverend William James yo fè pati plan elaji Gouvènè Hochul la pou fè lojman ki pi abòdab, ekitab, epi estab. Nan Bidjè Eta ki fèk adopte a, Gouvènè a te garanti ak siksè, yon nouvo plan lojman konplè ki koute 25 milya dola,

sou senk ane, k ap ogmante apwovizyònman lojman lè li kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York ki enkli 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Apatman pou Granmoun Trinity-Reverend William James yo ki sitiye nan 1074 Washington Avenue nan katye Morrisania, te konstui sou teren ki te okipe anvan pa yon legliz Metodis Ini ki te vid. Genyen 144 apatman ki rezève pou granmoun 62 zan ak plis ki gen revni ki pi pa pase swasant pousan Revni Mwayen Zòn nan. Dis apatman rezève pou granmoun 55 an ak plis.

Gen 57 apatman ki rezève pou granmoun ki te nan prizon anvan. Fortune Society ap bay sèvis sou plas pou rezidan sa yo epi okipe 5,400 espas pou sèvis sosyal ouvè pou kominote ki pi laj la nan premye etaj bilding lan. Filyal la bay sèvis konsèy, jesyon dosye, sèvis ki lye ak konje ak sante pou moun ki gen istorik jistis penal.

Yo finanse sèvis ak sibvansyon lwaye pou 47 apatman ki bay sipò atravè pri Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative) bay Fortune Society. Rès dis yo finanse atravè Inisyativ Lojman ki Bay Sipò 15/15 Vil New York la.

Komodite nan rezidans yo genyen ladan yo, enstalasyon pou lesiv, yon sal egzèsis pou lokatè, yon veranda ki itilize kòm sè pou favorize plantasyon idwoponik, yon jaden rezidansyèl deyò, ak lokal pou bisiklèt. Genyen yon apatman pou yon sipè-entandan sou plas.

Legliz Trinity Morrisania ki te plase sou bilding sa yon fwa te konstui an 1865 men li te tonbe nan delabreman. Yo te mete eleman ki te nan ansyen legliz la nan nouvo espas la, ki enkli vit ki restore, ban, ak lòt detay achitekti k ap fè rezidan yo sonje istwa pwopriyete a.

Ekip devlopman an genyen ladan I BronxPro, Fortune Society ak United Methodist City Society.

Finansman Eta a pou devlopman an enkli 15.9 milyon dola obligasyon ki gen egzanpsyon fiskal; Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki Gen Revni ki Fèb ki jenere 33 milyon dola nan fon pwòp, 11.6 milyon dola sibvansyon ak 2 milyon dola atravè pwogram Fon Envestisman Kominotè a (Community Investment Fund), tout sa soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal).

Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development) Vil New York te bay 13 milyon dola atravè pwogram Apatman nan Pri Abòdab pou Lwe pou Granmoun (Senior Affordable Rental Apartments) ak Pwojè Koupon yo pou 106 fanmi. Enterprise Community Partners, Freddie Mac, ak JP Morgan Chase te bay finansman ak sipò pou devlopman adisyonèl.

RuthAnne Visnauskas, Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare, "Gras ak patenarya nou ak United Methodist City Society ak BronxPro, Apatman pou Granmoun Trinity-Reverend William James yo bay yon objektif ki renouvle a yon pwopriyete legliz ki pa itilize lè li kreye 153 kay nan pri abòdab pou granmoun ak kalite sèvis sipò sou plas k ap ede yo atenn establite, endepandans, ak pi bon rezilta sante. Nou espesyalman rekonesan a Fortune Society dèske li fè pati entèn devlopman sa. Modèl yo a pou ede Nouyòkè ki te nan prizon yo lè yo ba yo aksè nan resous ak nouvo opòtinite, ki enkli lojman, enpòtan anpil pou misyon pataje nou pou fè New York yon kote ki pi ekitab epi enklizif pou viv. Remèsiman nou ale bay patnè nou yo ki fè devlopman sa vin yon reyalye pou katye Morrisania a."

Direktè Lojman Vil New York la, Jessica Katz, te deklare, "Moman tankou sa — pou akeyi Nouyòkè yo nan nouvo kay nan pri abòdab yo — se objektif prensipal travay nou. Felisitasyon a United Methodist City Society, Fortune Society Bronx Pro Group. Apatman pou Granmoun Trinity-Reverend William James yo se yon bagay ki ajoute ki tèlman nesèsè pou vil nou an ki p ap sèlman diminye rate lojman an men k ap asire tou ke granmoun yo gen yon fwaye kote yo ka vyeyi ak diyite yo merite a."

Komisè Depatman Prezèvasyon ak Konstriksyon Lojman Vil New York la, Adolfo Carrión Jr, te deklare, "Ak ouvèti Apatman pou Granmoun Trinity-Reverend William James yo jodi a, n ap selebre tounen lakay pou anpil granmoun nan vil nou an, k ap bay plis pase 150kay ki an sekirite, estab, epi ki sen kote yo ka vyeyi an pè. Pou anpil nouvo rezidan, n ap ranvèse sik anprizònman ak sanzabri a lè nou bay sèvis sipò sou plas ki abòde ansanm bezwen yo. Sa pa t ap posib san lidèchip patnè tankou United Methodist City Society, Fortune Society Bronx Pro Group, ki asire ke yo pa inyore popilasyon ki pi vilnerab Vil New York yo ankò. Mèsi a tout patnè yo epi byenveni lakay yo a nouvo rezidan yo."

Reprezantan Ritchie Torres, te deklare, "Pandan kou lavi a kontinye ap ogmante apre pandemi an, lojman nan pri abòdab pou granmoun yo pi enpòtan ke jamè. Gras ak investisman 84 milyon dola sa pa Gouvènè Hochul ak Majistra Adams, nou yon pa pi pre pou asire ke granmoun nan minisipalite nou an gen aksè nan lojman desan, bon mache yo bezwen epi yo merite a."

Senatè Eta a, Luis Sepúlveda te deklare, "Nou dwe sa a elektè ki pi vilnerab yo pou bay lojman nan pri ki vreman abòdab ak sèvis sipò. Mwen vle bat bravo pou BronxPro, Fortune Society, ak United Methodist Church dèske yo reyini ansanm pou konstui Apatman Trinity-Reverend James Senior yo nan Morrisania. Atravè pwojè sa, y ap bay lojman ki vreman abòdab a sitwayen granmoun nou yo ki nan bezwen ki merite aksè nan lojman pèmanan ak sèvis bon kalite pandan y ap vyeyi sou plas. Mwen espere pwojè sa se youn nan anpil lòt pandan n ap travay ansanm pou abòde pwoblèm ensekirite lojman ak sanzabri a."

Manm Asanble, Chantel Jackson, te deklare, "Mwen te kwè pandan anpil tan ke lojman se yon resous ki ta dwe aksesib pou gwoup ki vilnerab yo nan kominote nou an. Mwen rekonesan pou anons Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta NY la pou ouvèti

Apatman pou Granmoun Trinity-Reverend William James yo nan Morrisania paske y ap bay lojman pou moun ki bezwen pi plis yo: granmoun, rezidan ki gen revni ki fèb yo, ak granmoun ki gen dosye kriminalite k ap eseye re-entegre nan kominote nou an."

Prezidan Minisipalite Bronx, Vanessa L. Gibson te deklare, "Ouvèti Apatman pou Granmoun Trinity-Reverend William James nan Sid Bronx yo se plizyè ane travay epi se yon gwo reyalizasyon pou granmoun aje yo k ap benefisye pa sèlman de lojman nan pri abòdab, men tou de sèvis ki lye yo, ekipman fitnès, yon jaden rezidansyèl ak lòt enstalasyon esansyèl san yo pa kite lakay yo. Bronx lan te devaste pa plizyè ane inegalite nan sistèm nan ki te agrave pa COVID-19 la, epi pandan n ap eseye rekipere apre pandemi an, bezwen pou lojman an pa t janm pi enpòtan. Mwen vle remèsye Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, BronxPro, Fortune Society ak United Methodist Church pou patenarya yo nan pwojè sa ak angajman pou asire ke tout Nouyòkè gen yon dwa nan lojman nan pri abòdab, de kalite epi ki an sekirite."

Manm Konsèy Vil la, Althea Stevens te deklare, "Mwen kontan anpil pou entwodiksyon nouvo plan devlopman ki antre nan kominote Morrisania a. Li enpòtan ke nou investè nan popilasyon ki pi aje nou an pou asire aksè ki pi sen epi ekitab nan lavi kotidyen yo. Epiou, devlopman sa ap sèvi kòm yon don esansyèl nan pwogrè pou etabli plis opòtinite lojman pèmanan, nan plas lojman tanporè."

Samantha Magistro, Direktè Egzekitif, Bronx Pro Group, te deklare, "Nou fyè pou fè ekip ak patnè relijye nou an United Methodist City Society, founisè sèvis sosyal Fortune Society ansanm ak patnè finansye nou yo pou devlope pwojè lojman pou granmoun espesyal sa nan 1074 Washington. Lè nou travay pou bay lojman nan pri abòdab epi endepandan pou granmoun sa antre nan misyon nou epi avèk pwojè sa, n ap kapab devlope enpak nou pou bay sèvis pou sitwayen granmoun ki te sanzabri epi ki te enplike ak lajistis. Modèl lojman sa ap pèmèt yo vyeyi sou plas ak diyite ak sekirite pou kèk nan Nouyòkè ki pi arisk epi ki defavorize yo. Bronx Pro Group te founi kounye a 5 pwojè lojman nan pri abòdab, ki enkli 1074 Washington Avenue, nan katye Morrisania sa atravè divès pwogram ak sèvis ki pèmèt nou transfòme kominote ak lavi moun nou sèvi yo 'blòk pa blòk'."

Bill Shillady, Direktè Egzekitif nan United Methodist City Society, te deklare, "Antanke moun ki gen lafwa, nou kwè nan transfòmasyon. Nan ka sa, nou te pran yon pwopriyete legliz ki delabre, ki pa itilize epi nou te fè l tounen yon bèl kay tounèf pou granmoun yo nan Kominote Bronx lan. Se yon egzanp lafwa ekselan ak patenarya kominotè ki kreye misyon ki oryante sou lojman nan pri abòdab pou retilize pwopriyete legliz la lè yon kongregasyon sispann egziste epi nou itilize li pou benefis bezwen lojman granmoun epi espesyalman ansyen moun ki te sanzabri ki retounen vin sitwayen. United Methodist City Society ak New York Annual Conference kontan anpil pou fè patenarya ak Bronx Pro Group ak The Fortune Society. Nou rekonesan a tout moun ki rann bilding sa posib. Lojman nan pri abòdab ta dwe yon misyon pou tout tradisyon relijye."

JoAnne Page, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Fortune Society, te deklare, "Popilasyon ki nan prizon nou an ap vyeyi, epi pandan granmoun yo ap kite prizon yo, yo rankontre yon mond ki diferan anpil de sa yo te kite a. Anplis de sa, yo fè fas ak pwoblèm sante mantal, sante fizik, twomatis ak toksikomani ki souvan agrave pa ane nan prizon yo. Twòp nan yo fini nan sistèmabri paske lojman ki bay sipò pou ansyen granmoun ki te nan prizon ra epi gen diskriminasyon pwopriyetè ki pwopaje. Kominote Mandaela a nan Apatman pou Granmoun Trinity-Reverend William James yo abòde bezwen ijan sa lè yo bay sèvis sipò elaji, epi konplè—nan konfòmite ak eksperyans moun ki sanzabri ki te nan prizon anvan yo—ki konplete nouvo kay ki ansekirite epi ki konfòtab patisipan yo. Sèvis sa yo disponib tou pou manm ki te enplike ak lajistis nan kominote Bronx ki pi laj la."

Baaba Halm, Vis Prezidan K Lidè Mache New York la nan Enterprise Community Partners, te deklare, "Nou kontan anpil pou sipòte pwojè enkwayab sa epi nou espere ke l ap bay yon modèl pou lòt devlopman pou abòde bezwen moun ki enplike ak lajistis yo, ki souvan pa satisfè. Ansyen moun ki te nan prizon yo merite gen aksè nan lojman ki an sekirite, ki estab, ki san diskriminasyon, pandan y ap retounen nan kominote yo epi rekonstui lavi yo, epi nou fyè ke bilding sa ap bay dwa enpòtan sa pou granmoun Bronx yo."

Jane Silverman, Direktè Egzekitif, Bank Devlopman Kominotè, Chase, te deklare, "Nou fyè pou jwe yon wòl nan finansman Apatman pou Granmoun Trinity-Reverend William James yo epi kontribye nan kreyasyon lojman ki tèlman nesèsè sa pou yon popilasyon granmoun k ap ogmante nan Bronx ak apatman ki fèt epi ki bay sèvis sipò pou moun ki te nan prizon yo. Angajman devlopman sa demontre li ale byen nan menm sans ak pwòp pwogram Dezyèm Chans nou an pou ede sipòte anbochman ak avansman moun ki gen yon istorik nan sistèm jistis penal la."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418